

## PY 2024 Aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji Indiana - ENSTRIKSYON

- Tanpri sonje ke Pwogram Asistans Enèji Indiana a bay yon peman avantaj yon sèl fwa. Sa pa yon asistans mansyèl ki fèt plizyè fwa, epi li pa la pou kouvri tout frè sèvis publik ou yo pou yon ane.
- Si yo aktyèlman pwogramme pou dekonekte w oswa yo deja dekonekte w nan nenpòt sèvis publik, oswa si gaz chofaj an gwo ou an prèske fini oswa deja fini, tcheke ti kare a pou enfòme ajans lan ke ou nan yon kriz.
- Tanpri ranpli fòmilè aplikasyon an **konplètman**, ki gen ladan espas pou opsyon wi/non.

### Pati I: Enfòmasyon pou Kontak

- Tanpri ranpli tout enfòmasyon yo konplètman, ki gen ladan non konplè ak kat dènye chif SSN pou moun k ap ranpli aplikasyon an pou fwaye a. Si ou pa ranpli enfòmasyon yo konplètman oswa ou pa bay bon metòd kontak, sa gendwa bay reta pou travay sou aplikasyon an.

### Pati II: Enfòmasyon sou Kay la ak Sèvis Biblik yo

- Tanpri ranpli tout espas yo konplètman.
- Tanpri soumèt **aktyèl** bòdwo kouran ak bòdwo chofaj ou yo oswa relve kont yo avèk aplikasyon ou an.

### Pati III: Revni ak Avantaj

- Tanpri ranpli tout espas, ki endike **tout** fòmilè revni oswa asistans avantaj ki pa lajan kach ke nenpòt manm nan fwaye a te resevwa nan twa dènye mwa sa yo.
- Tanpri soumèt **aktyèl** dokimantasyon revni an ansanm avèk aplikasyon an.
- Si nenpòt manm nan fwaye w **te peye** sipò pou timoun nan twa dènye mwa sa yo, soumèt prèv peman an pou fè yo dedwi sipò pou timoun nan revni fwaye a.
- Tanpri idantifye nenpòt manm nan fwaye a ki gen 14-24 lane ki ni p ap travay ni ki pa ale lekòl nan dat aplikasyon an.

### Pati IV: Manm Fwaye a ak Enfòmasyon Demografik

- Tanpri mete tèt ou antanke manm fwaye nimewo 1.
- Ou dwe mansyone **tout moun** k ap viv nan adrès ki nan aplikasyon an nan dat aplikasyon an.
- Ou dwe ranpli **tout espas** yo pou **tout moun yo**. Si ou pa rive ranpli enfòmasyon demografik yo sa pral bay reta pou travay sou aplikasyon ou an paske founisè sèvis lokal la pral bezwen kontakte w pou rasable enfòmasyon sa yo.
- **Si genyen plis pase kat moun nan fwaye w la (senk nan fòmilè gwo karaktè a), ou pral bezwen yon attachman pou site lòt manm yo.** Tanpri kontakte founisè sèvis lokal ou an pou jwenn attachman an epi tcheke ti kare a pou enfòme sèvis admisyon k ap trete aplikasyon ou an ke genyen plis pase kat moun ki prezan.
- Tanpri itilize kòd yo bay yo pou idantifye ras, gwoup etnik, sitiyasyon anplwa, nivo edikasyon, Asirans Sante, ak estati Militè pou chak manm ki nan fwaye a.
- Idantifye nenpòt moun nan fwaye a ki kapab yon anplwaye/manm pèsonèl, manm administrasyon, oswa yon sou kontraktè ajans w ap aplike ladan an, oswa moun ki lye ak nenpòt nan wòl sa yo.
- Tanpri defini tip fwaye ou an selon opsyon yo bay yo.

### Pati V: Sètifikasyon

- **Si w pa rive siyen epi mete dat sou deklarasyon sètifikasyon an sa pral envalide aplikasyon ou an.**

## Soumèt aplikasyon ou an

- Tanpri soumèt aplikasyon ou an bay founisè sèvis lokal k ap administre EAP pou konte ou an, pa voye l bay IHCDA.
- Si ou pa konnen kilès ki founisè sèvis lokal ou an, ou kapab idantifye yo lè ou rele 2-1-1 oswa lè w vizite <http://eap.ihcda.in.gov>. Li ta dwe mansyone tou devan aplikasyon an.
- Tanpri soumèt dokiman ki swiv yo avèk aplikasyon ou an (yo aksepte fotokopi yo):
  1. Idantifikasiyon ki gen foto pou moun k ap ranpli epi k ap siyen aplikasyon an.
  2. Prèv SSN pou chak manm nan fwaye a. Sa kapab:
    - Kopi kat Sekirite Sosyal.
    - Kopi paspò Etazini ki valid.
    - Kopi REAL ID ke eta a bay epi ki valid.
    - Kopi yon fòmilè federal ki enprime alavans, tankou korespondans nan Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa yon W-2, ki genyen ladan non moun nan ak tout SSN nan san kache okenn pati.
- 3. Aktyèl dokimantasyon sou revni pou tout manm nan fwaye a ki gen 18 lane oswa plis. Sa kapab gen ladan:
  - Anplwa/salè
    - **Pi resan** fich peman
    - Fòmilè enfòmasyon pou Revni – kontakte Founisè Sèvis Lokal la
  - Avantaj Sekirite Sosyal/SSI/VA
    - Dènye lèt admisyon **konplè** a (kapab telechaje l sou entènèt)
    - Relve bankè **konplè**
  - Pansyon/retrèt
    - Lèt admisyon
  - Travay Endepandan
    - Dènye Fòmilè 1040 pou deklarasyon fiskal, ki gen tout anèks ki apwopriye pou travay endepandan.
  - Avantaj Chomaj
    - Fòmilè divilgasyon enfòmasyon ki ranpli pou DWD.
    - Enpresyon **konplè** dènye relve Uplink ou an.
  - Alimoni/sipò pou konjwen/Konpansasyon Travayè/Andikap prive
    - Tout dokimantasyon peman ou te resevwa.
  - Ti travay/revni iregilye/Okenn Revni
    - Fòmilè Verifikasyon Revni ki Ranpli – kontakte Founisè Sèvis Lokal
  - Si ou gen nenpòt kesyon sou dokimantasyon ki akseptab yo, kontakte founisè sèvis lokal ou an.
- 4. Bòdwo ki ankou epi ki bòdwo konplè pou sèvis kouran ak sèvis chofaj yo.
  - Si ou fè chofaj ak kabiran yo livre an gwo, bay resi livrezon ki pi resan an.
  - Si sèvis publik yo enkli nan lwaye ou an, tanpri bay Afidavit Mèt Kay la ranpli.
  - Tanpri asire ke ou bay tout enfòmasyon ak enfòmasyon ki konplè sou bòdwo!
- Selon sikonstans fwaye a, yo gendwa mande lòt dokimantasyon anplis. Tanpri kontakte founisè sèvis lokal ou an pou tout lòt kesyon anplis.

## Avi sou Vi Prive ak Dwa ak Responsablitè Ou yo

**Dispozisyon Lwa sou Vi Prive yo:** Lwa Federal yo mande nou pou enfòme w sou dwa ak responsablitè ou yo anvan nou kolekte ak itilize enfòmasyon ki konsène w yo ki klasifye kòm prive oswa konfidansyèl. Fòmilè sa a ba w enfòmasyon enpòtan ki respekte Lwa federal 1974 sou Vi Prive a 5 U.S.C. § 552a(e)(3).

Tanpri li *Avi sou Vi Prive* sa a avèk anpil atansyon anvan ou ranpli ak siyen *aplikasyon pwogram Asistans Enèji Indiana a*, epi konsève *Avi sou Vi Prive* sa a nan dosye ou yo pou itilizasyon alavni. *Avi sou Vi Prive* sa a aplike nan Pwogram Asistans Enèji a (EAP) ak Pwogram Asistans pou Move Tan an (WAP).

### Poukisa nou kolekte enfòmasyon yo nan aplikasyon an?

Nou pral itilize enfòmasyon ou yo pou fè rechèch, pou evalye ak pou administre pwogram EAP ak pwogram WAP yo. Nou bezwen enfòmasyon yo:

- Pou konnen w apati lòt moun yo.
- Pou wè si ou kalifye pou asistans.
- Pou pèmèt nou jwenn fon federal oswa fon eta yo pou asistans ou resevwa a.
- Pou satisfè egzijans deklarasyon federal oswa eta a.

### Èske ou dwe ba nou enfòmasyon yo?

Ou genyen dwa pou pa ba nou enfòmasyon nou mande yo.

### Kisa k ap rive si ou bay oswa ou pa ban nou enfòmasyon yo?

Si ou ban nou enfòmasyon nou mande nan aplikasyon an, n ap trete aplikasyon ou an. Si ou pa ba nou enfòmasyon sa yo:

- Nou p ap trete aplikasyon ou an.
- Ou ta ka pa resevwa sèvis yo.
- Ou ta ka pa resevwa èd pou bòdwo enèji yo.
- Sèvis ou yo ta ka retade.

Nou pral konsève nenpòt enfòmasyon ou ban nou, keseswa aplikasyon ou an apwouve oswa li pa apwouve.

### Kilès ki gendwa wè enfòmasyon sa yo?

Moun annapre yo gendwa resevwa enfòmasyon ki genyen nan aplikasyon ou an si: (i) yo bezwen aksè nan enfòmasyon sou aplikasyon an pou fè travay yo a an kolaborasyon avèk EAP a ak WAP a, oswa (ii) yon lòt fason yo genyen otorizasyon selon lwa federal oswa lwa eta a pou resevwa yo, oswa (iii) yo itilize enfòmasyon yo pou rapò, pou mezire rezulta yo, ak pou referans ak pwosesis elijiblite yo:

- Founisè Sèvis Pwogram Enèji Lokal yo ki sou kontra avèk IHCDA.
- Oditè pwogram nan jan sikilè Biwo Jesyon ak Bidjè (OMB) egzije oswa otorize sa.
- Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ak Depatman Enèji Etazini an.
- Moun ki otorize selon yon òdonans tribinal oswa yon sitasyon.
- Konpayi enèji ou yo pou Abòdabilite ak Pwogram Enèji.
- Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini.
- Lòt ajans oswa antite yo jan lwa federal oswa lwa eta yo otorize sa.

### Poukisa nou kolekte Nimewo Sekirite Sosyal yo?

Nou itilize Nimewo Sekirite Sosyal yo nan administrasyon EAP ak WAP a pou asire ke kandida ki elijib yo ak manm fwaye yo a resevwa sèlman avantaj ki otorize yo. Lwa federal la ban nou pemisyon pou egzije w pou pataje Nimewo Sekirite Sosyal ou pou kapab trete aplikasyon ou an ak pou prevni, detekte ak korije fwod ak abi. OTORITE: Seksyon 205(c)(2)(C)(i) nan Lwa Sekirite Sosyal la, 42 U.S.C. § 405(c)(2)(C)(i).

### Poukisa nou mande enfòmasyon sou ras ou?

Yo konpile enfòmasyon sa yo epi anrejistre yo pou rezon estatistik sèlman epi enkli nan rapò ke gouvènman federal nou an egzije a. Pwogram nan pa fè diskriminasyon pou rezon ras oswa antedesan etnik, reliyion, sèks, oryantasyon seksyèl oswa afilyasyon politik.

# Aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji nan Indiana - Gwo Karaktè

Ane Pwogram 2024



Pace Community Action Agency, Inc.  
525 N 4th Street  
Vincennes, IN 47591  
812-882-7927, ext. 2  
Fax: 812-882-7982  
[www.pacecaa.org/energy-assistance](http://www.pacecaa.org/energy-assistance)  
E-mail: eap@pacecaa.org

## Pou Itilizasyon Founisè/Ajans Lan Sèlman

Dat yo resevwa l:

Nimewo aplikasyon an:

Lapòs Randevou Sansibilizasyon/Vizit Adomisil/Lòt

Yo dekonekte fwaye a oswa li pran pàn kabiran: Wi Non

Fwaye a gen yon avi d/c oswa mwens pase 25% kabiran:  Wi  Non

Sous chofaj fwaye a pa ka fonksyone: Wi Non

Tcheke isit la si sèvis kouran oswa chofaj ou an dekonekte oswa yo pwograme pou dekonekte l, oswa ou gen tikras kabiran pou chofaj oswa ou pa gen gaz angwo ditou oswa kouran prepeye.

Si yo te dekonekte sèvis publik ou an oswa yo pwograme pou dekonekte l, oswa si ou gen tikras oswa ou pran pàn kabiran prepeye ke yo livre angwo, kontakte founisè sèvis lokal ou an ki mansyone pi wo a pou mande yon randevou pou kriz.

Si ou bezwen lòt opsyon an ijans, tanpri rele 2-1-1.

## Pati I: Enfòmasyon pou Kontak

Non Kandida a

Kat Dènye chif SSN

Konte

Adrès Fizik (Ki Gen Ladan Nimewo Apatman/Nimewo Blòk/Trelè)

Vil

Eta

Kòd Postal

IN

Si ou gen yon bwat POSTAL oswa yon lòt adres lapòs, tanpri ekri l pi ba a. Otreman, tanpri kite l vid.

Tanpri bay omwen yon fòm enfòmasyon kontak pi ba a. Si w pa rive bay enfòmasyon kontak ki presi sa gendwa retade tretman aplikasyon an.

Nimewo telefòn	<input type="checkbox"/> Telefon fiks <input type="checkbox"/> Telefon mobil	Konpayi telefon mobil	<input type="checkbox"/> Konsantman pou resevwa mesaj tèks	Adrès Imèl - <b>tcheke ti kare a pou ba nou konsantman pou voye imel ba ou.</b> <input type="checkbox"/>

Tanpri ranpli epi siyen tout paj yo - Aplikasyon yo pa valid san siyati ak dat.

Itilize lank ble oswa lank nwa sèlman epi asire w ke ou ranpli tout espas yo. Si w pa rive ranpli tout aplikasyon an sa kapab lakòz reta nan tretman an.

## Pati II: Enfòmasyon sou Kay la ak Sèvis Biblik yo

Tip Kay la (Tanpri tcheke youn)	Sèvis Biblik ak Peman	
<input type="checkbox"/> Kay endividyle ki konstwi sou sit la <input type="checkbox"/> Apatman/kondo/dipléks/elatriye.		
<input type="checkbox"/> Kay Mobil <input type="checkbox"/> Lòt: _____	<input type="checkbox"/> Enkli nan lwaye a Founisè Kouran: _____	
<b>Pwopriyete Kay la (tanpri tcheke youn)</b>		
<input type="checkbox"/> Posede		
<input type="checkbox"/> Lwaye <input type="checkbox"/> Lòt: _____		
<b>Prensipal Sous Chofaj (tanpri tcheke youn)</b>		
<input type="checkbox"/> Founo / Pomp Chalè <input type="checkbox"/> Bezbòd elektrik/Aparèy nan Miray		
<input type="checkbox"/> Recho Chabon <input type="checkbox"/> Lòt: _____		
<b>Lap fonksyone?</b> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
<b>Prensipal Kabiran pou Chofaj (tanpri tcheke youn)</b>		
<b>Èske ou gen yon dezyèm sous chofaj ki enstale lakay ou?</b>		
<input type="checkbox"/> Elektrik <input type="checkbox"/> Gaz Natirèl <input type="checkbox"/> Pwopàn	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/> Lwil <input type="checkbox"/> Bwa/Pelèt		
<input type="checkbox"/> Lòt: _____		
Si wi, tanpri dekri l: _____		

Pwogram Weatherization an bay mezi konsèvasyon enèji pou redwi bòdwo sèvis biblik pou rezidan ki gen fèb revni nan tout eta a. **Èske fwaye w la t ap enterese pou ale nan pwogram Weatherization an?**

 Wi Non

## Pati III: Revni ak Avantaj

Tanpri endike <u>tout tip</u> revni nenpòt manm nan fwaye w te resevwa nan dènye twa mwa yo. <b>Tcheke tout sa ki valab.</b>			
<input type="checkbox"/> Salè anplwa yo	<input type="checkbox"/> Retrèt Sekirite Sosyal	<input type="checkbox"/> Andikap Sekirite Sosyal	<input type="checkbox"/> SSI
<input type="checkbox"/> Travay Endependan	<input type="checkbox"/> Pansyon/Retrèt	<input type="checkbox"/> Andikap VA	<input type="checkbox"/> Pansyon VA
<input type="checkbox"/> Avantaj Chomaj Konjwen	<input type="checkbox"/> Konpansasyon pou Travayè	<input type="checkbox"/> Andikap Prive	<input type="checkbox"/> Alimoni/Pansyon Alimantè pou
<input type="checkbox"/> Ti travay/revni iregilye	<input type="checkbox"/> Pa gen revni	<input type="checkbox"/> Lòt: _____	
Tanpri endike <u>tout sous</u> asistans nenpòt manm nan fwaye a te resevwa. <b>Tcheke tout sa ki valab.</b>			
<input type="checkbox"/> Vawchè pou Chwa Lojman (Seksyon 8)	<input type="checkbox"/> Lojman Biblik	<input type="checkbox"/> Lojman Pèmanan ak Asistans	<input type="checkbox"/> VASH
<input type="checkbox"/> SNAP (Koupon Alimantè)		<input type="checkbox"/> TANF	<input type="checkbox"/> WIC
<input type="checkbox"/> Kredi Taks sou Revni ki Rantre (EITC)	<input type="checkbox"/> Sipò Timoun	<input type="checkbox"/> Sibvansyon Lwa sou Swen Abòdab	<input type="checkbox"/> Vawchè pou Gadri
<input type="checkbox"/> Lòt: _____		<input type="checkbox"/> Okenn	
<b>Èske nenpòt moun nan fwaye a <u>te peye</u> sipò timoun nan dènye twa mwa sa yo?</b>		<b>Èske nenpòt moun nan fwaye a <u>gen ant 14-24 lane</u> epi okenn nan yo p ap travay oswa pa ale lekòl?</b>	
<input type="checkbox"/> Non		<input type="checkbox"/> Non	
<input type="checkbox"/> Wi (tanpri soumèt prèv peman yo)		<input type="checkbox"/> Wi (tanpri mansyone l): _____	

## Pati IV: Manm Fwaye a ak Enfòmasyon Demografik

**Site tout moun k ap viv nan kay la, mete tèt ou ladan.**

Tcheke isit la epi atache lòt fèy anplis si gen plis pase senk moun nan kay la:

Plis pase senk moun nan kay la

Non Fanmi ak Sifiks		Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon.	Dat Nesans	Sèks	Andik ape?	Ras	Etnisite	Anplwa	Edikasyon	Asirans Sante	Estati Militè
							<b>Tanpri itilize kòd yo ki mansyone pi ba a</b>					
Kandide					<input type="checkbox"/> Gaso n <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Lòt/ Enby	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
2					<input type="checkbox"/> Gaso n <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Lòt/ Enby	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
3					<input type="checkbox"/> Gaso n <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Lòt/ Enby	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
4					<input type="checkbox"/> Gaso n <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Lòt/ Enby	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
5					<input type="checkbox"/> Gaso n <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Lòt/ Enby	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non						
<b>Kòd Ras yo:</b>				<b>Kòd Etnisite yo:</b>			<b>Kòd Anplwa yo:</b>					
<b>A</b> - Azyatik; <b>B</b> - Nwa owa Afriken Ameriken; <b>I</b> - Endyen Ameriken oswa Natif Alaska; <b>P</b> - Natif Natal Awayi oswa Lòt Moun Zile Pasifik; <b>W</b> - Blan; <b>M</b> - Plizyè Ras; <b>O</b> - Lòt				<b>H</b> - Ispanik, Latino, oswa Orijin Espanyòl <b>N</b> - Pa Orijin Ispanik, Latino, oswa Espanyòl			<b>FT</b> - Anplwaye plentan; <b>PT</b> - Anplwaye tan pasyèl; <b>R</b> - Nan retrèt; <b>US</b> - Nan chomaj pandan sis mwa oswa mwens; <b>UL</b> - Nan chomaj pandan plis pase sis mwa; <b>NL</b> - Pa nan mache travay la; <b>M</b> - Travayè fèm Migran Sezonye					
<b>Kòd edikasyon yo:</b>				<b>Kòd Asirans Sante yo:</b>						<b>Kòd Militè yo:</b>		
<b>A</b> - Klas 0-8; <b>B</b> - Klas 9-12, Pa diplome; <b>C</b> - Diplòm Lekòl Segondè/Diplòm Ekivalan; <b>D</b> - Kèk lekòl aprè lekòl segondè; <b>E</b> - Diplòm kolèj 2- oswa 4 lane; <b>F</b> - Lòt diplòm aprè lekòl segondè				<b>A</b> - Medicaid; <b>B</b> - Medicare; <b>C</b> - Pwogram Asirans Sante Timoun Eta a; <b>D</b> - Asirans Sante Eta a pou Adilt; <b>E</b> - Swen Sante pou Militè; <b>F</b> - Acha-Dirèk; <b>G</b> - Nan Travay; <b>N</b> - Okenn						<b>A</b> - Militè nan sèvis aktif <b>V</b> - Veteran <b>N</b> - Okenn afilyasyon		
<b>Èske nenpòt moun nan kay la afilye avèk ajans sa a antanke yon anplwaye/manm pèsònèl, manm konsèy administrasyon, sou-kontraktè, oswa lye ak nenpòt nan manm konsa?</b>				<b>Tip Fwaye a (tanpri tcheke youn)</b>								
				<input type="checkbox"/> Yon Sèl Moun <input type="checkbox"/> De Adilt, Okenn Timoun <input type="checkbox"/> Fwaye ki Gen De Paran <input type="checkbox"/> Paran Fanm ki Selibatè <input type="checkbox"/> Paran Gason ki Selibatè <input type="checkbox"/> Adilt ki pa fanmi timoun <input type="checkbox"/> Fwaye Plizyè Jenerasyon (tw a jenerasyon oswa plis) <input type="checkbox"/> Lòt:								
<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi (Tanpri mansyone I): _____												

## Pati V: Sètifikasyon

**Avètisman:** M sètifye, ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj ak fwòd, ke enfòmasyon m te bay nan aplikasyon sa a kòrèk epi se laverite. Mwen konprann yo gendwa egzije m pou verifye deklarasyon sa yo epi isit la mwen bay konsantman ak ajans m ap mande asistans lan pou kontakte nenpòt moun ki nesesè pou verifye deklarasyon sa yo. M sètifye ke m se yon adilt ki rete nan kay la epi ki mansyone nan aplikasyon sa a, oswa ki gen dwa mandatè legal pou yon adilt k ap viv nan kay sa a epi ki mansyone nan aplikasyon sa a. M se yon rezidan nan Indiana epi m se yon kandida pou Pwogram Asistans Enèji ak/oswa Pwogram Asistans Weatherization (yo). M rekonèt ke nenpòt sèvis oswa materyèl yo bay fwaye mwen an se ap yon kado san konsiderasyon oswa m p ap bezwen peye pou sa. M bay Eta Indiana ak ajans m ap mande asistans lan pemisyon pou jwenn enfòmasyon nan men founisè enèji a, ki gen ladan enfòmasyon sou konsomasyon enèji m ak istorik peman m. M konprann ke Eta Indiana gendwa itilize enfòmasyon m bay nan fòmilè sa a pou rezon rechèch, evalyasyon ak analiz. Epitou m konprann ke Eta Indiana gendwa itilize enfòmasyon m bay nan fòmilè sa a pou wè si m kalifye pou nenpòt lòt pwogram asistans. Isit la mwen retire responsablite sou Eta Indiana, Founisè Sèvis Lokal la oswa lòt antite pou nenpòt bagay ki rive lè yo bay aktivite sa yo. M pa te resevwa okenn garanti ki aklè oswa souzantandi pou lè m resevwa sèvis sa yo. M rekonèt tou ke si m fè fo deklarasyon oswa m pa rive bay nenpòt enfòmasyon yo mande nan aplikasyon sa a, oswa si m siyen oswa soumèt aplikasyon sa a oswa nenpòt dokimantasyon sipò san m pa gen otorite legal pou fè sa, m gendwa vin fè m pa elijib pou resevwa Asistans Enèji ak/oswa Asistans pou Move Tan epi yo gendwa mande m pou ranbouse tout asistans ak/oswa avantaj ke fwaye a te resevwa selon nenpòt non-konfòmite, fo deklarasyon, oswa omision.

**Yo bay avantaj Pwogram Asistans Enèji a san konsidere ras, laj, koulè, reliyon, sèks, andikap, orijin nasyonal, zansèt, oswa estati antanke veteran.**

Siyati kandida a (obligatwa)	Dat (obligatwa)